

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan ngeunaan métode sugéstopédia dina pangajaran ngaregepkeun dongéng siswa kelas X SMP Negeri 3 Tasikmalaya, kapanggih data - data saperti ieu di handap.

- (1) Kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa SMP Negeri 3 Tasikmalaya di kelas ékspérimén dina tés awal hasilna kurang nyugemakeun. Rata-rata kamampuh siswa nya éta 68,82, hartina siswa can mampuh ngaregepkeun dongéng. Dina tés ahir sabada dilaksanakeun pangajaran ngaregepkeun dongéng ngagunakeun métode sugéstopédia hasilna katitén geus nyugemakeun. Rata-rata kamampuh siswa nya éta 70,41, hartina siswa geus mampuh dina pangajaran ngaregepkeun dongéng.

Kamampuh ngaregepkeun dongéng siswa SMP Negeri 3 Tasikmalaya di kelas kontrol dina tés awal rata-rata 54,3, hartina siswa can ngaregepkeun dongéng. Sabada ayana pangajaran ngagunakeun métode ceramah rata-rata hasilna ngaronjat, sanajan masih can nyugemakeun. Tina hasil tés ahir rata-rata kamampuh siswa nya éta 56,11.

- (2) Kamampuh siswa dina pangajaran ngaregepkeun dongéng saméméh jeung sabada dilaksanakeun kagiatan diajar-ngajar tétéla ngaronjat. Hal ieu katitén tina hasil *uji gain* kelompok ékspérimén jeung kelompok kontrol aya parobahana anu *signifikan*. Tina *uji gain* kelompok ékspérimén

kapanggih t_{itung} (25,41) > t_{tabel} (1,85). Sedengkeun dina *uji gain* kelompok kontrol kapanggih t_{itung} (13,11) > t_{tabel} (1,85).

- (3) Aya béda anu *signifikan* dina kamampuh siswa kelas ékspérimén, saméméh jeung sabada dilaksanakeun pangajaran ngaregepkeun dongéng ngagunakeun métode sugéstopédia. Hal ieu katitén tina hasil *uji hipotésis* anu nuduhkeun yén t_{itung} (9,66) > t_{tabel} (0,5).

Aya béda anu *signifikan* dina kamampuh siswa kelas kontrol, saméméh jeung sabada dilaksanakeun pangajaran ngaregepkeun dongéng ngagunakeun métode ceramah. Hal ieu katitén tina hasil *uji hipotésis* kelas kontrol anu nuduhkeun yén t_{itung} (8,94) > t_{tabel} (0,5).

Aya béda anu *signifikan* antara kamampuh ahir kelas ékspérimén jeung kamampuh ahir kelas kontrol dina pangajaran ngaregepkeun dongéng. Hal ieu katitén tina hasil *uji hipotésis* anu nuduhkeun yén t_{itung} (12,12) > t_{tabel} (0,5).

- (4) Tina pedaran di luhur, bisa dicindekkeun yén métode sugéstopédia téh *éféktif* pikeun dilarapkeun dina pangajaran ngaregepkeun dongéng.

5.2 Rékoméndasi

Sabada diayakeun panalungtikan ngeunaan pangajaran ngaregepkeun dongéng ngagunakeun métode sugéstopédia, aya sababaraha rékoméndasi tina ieu panalungtikan, nya éta:

- (1) Métode sugéstopédia bisa dijadikeun salah sahiji *alternatif* pikeun guru dina pangajaran ngaregepkeun dongéng;

- (2) Ayana panalungtikan ngeunaan métode sugéstopédia dina matéri pangajaran lianna enggoning leuwih ngabuktikeun *kasignifikan* éta métode pangajaran;
- (3) Pikeun panalungtik satuluyna dipiharep bisa leuwih asak dina ngararancang pangajaran ngagunakeun métode sugéstopédia.

